दिन—बुधवार दिनांक—14.10.2026

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः—शाम 06:25 बजे सँ अवधिः—05 मिनट

---

वैशाली नाव हादसाक उच्चस्तरीय जाँच होयत। जिलाधिकारी वर्षा सिंह कहलनि जे एहि मामिलामे दोषी पदाधिकारी सभक विरुद्ध कार्रवाई कयल जायत। ओ कहलनि जे एहि मामिला मे राघोपुरक अंचलाधिकारी आ थानाध्यक्ष सँ स्पष्टीकरण माँग कयल गेल अछि। ओ कहलनि जे नाव परिचालन पर निगरानीक जाहि पदाधिकारी सभ पर जिम्मेदारी छल, हुनका सभक विरुद्ध कार्रवाई कयल जायत। संगहि नाव मालिक आ नाव परिचालन करयबला सभ पर सेहो कार्रवाई होयत। एम्हर, केंद्रीय मंत्री आ हाजीपुरक सांसद चिराग पासवान आइ पीड़ित परिवार सभसँ भेंट कयलनि आँ सांत्वना देलनि। ओ घटनास्थलक निरीक्षण सेहो कयलनि। श्री पासवान कहलनि जे एहि मामिलाक जाँच भऽ रहल अछि आ जे किओ दोषी पाओल जेताह, हुनक सभक विरुद्ध कार्रवाई होयत।

---

एम्हर, स्वास्थ्य मंत्री निशांत एनएमसीएच जा कऽ हादसामे घायल लोक सभसँ भेंट कयलनि। ओ घायल लोकनिक समुचित इलाज करबाक निर्देश देलनि। ध्यातव्य अछि जे काल्हि राति वैशाली जिलाक राघोपुर दियारा क्षेत्रमे रामपुर श्यामचंद गामक लऽग गंगा नदीमे एकटा नाव उनटि गेल छल। एहि हादसा मे तेरह गोटे मृत्यु भेलनि अछि, जखनकि छओ आन घायल भेल छथि। मृतक मे अधिकांश नाबालिग छथि।

---

हादसा पर राष्ट्रपति द्रौपदी मुर्मू, उपराष्ट्रपति सी. पी. राधाकृष्णन, प्रधानमंत्री नरेंद्र मोदी, राज्यपाल लेफ्टिनेंट जनरल सेवानिवृत्त सैयद अता हसनैन आ मुख्यमंत्री सम्राट चौधरी शोक व्यक्त कयलनि अछि। प्रधानमंत्री राष्ट्रीय राहत कोषसँ प्रत्येक मृतकक निकटतम परिजनकँ दू लाख टाका आ प्रत्येक घायलकँ पचास हजार टाका अनुग्रह राशि देबाक घोषणा कयलनि अछि। ओतहि, मुख्यमंत्री सम्राट चौधरीक निर्देश पर मृतक सभक निकटतम परिजनकँ चारि—चारि लाख टाकाक अनुग्रह राशि देल गेल अछि। संगहि परिजन सभकँ सरकारक विभिन्न योजनाक लाभ सेहो देल गेल अछि।

---

मुख्यमंत्री सम्राट चौधरी आइ प्रदेशक बाढ़ि प्रभावित किसान सभकेँ मध्य फसल क्षतिक लेल कृषि इनपुट अनुदानक राशिक वितरिण कयलनि। पटनामे आयोजित कार्यक्रमक दरमियान श्री चौधरी दू लाख अड़तालीस हजारसँ बेसी बाढ़ि प्रभावित किसान सभक बैंक खातामे एक सय बारह करोड़ बावन लाख टाकाक अनुदान राशि डीबीटीक माध्यमसँ अंतरित कयलनि। एहि अवसर पर मुख्यमंत्री कहलनि जे कृषि इनपुट अनुदानसँ वंचित किसान सभकेँ दुर्गा पूजाक बाद सहायता राशि उपलब्ध कराओल जायत। एहि अवसर पर उपमुख्यमंत्री विजय कुमार चौधरी आ बिजेन्द्र प्रसाद यादव सेहो उपस्थित छलाह।

———————————————————

केंद्रीय मंत्रिमंडल एगारह लाख चालीस हजार सँ बेसी रेलवे कर्मचारी सभकेँ अठहत्तरि दिनक उत्पादकता आधारित बोनस देबाक मंजूरी देलनि अछि। प्रधानमंत्री नरेंद्र मोदीक अध्यक्षतामे मंत्रिमंडलक बैसारक बाद सूचना आ प्रसारण मंत्री अश्विनी वैष्णव कहलनि जे एहि लेल दू हजार नओ करोड़ टाकासँ बेसी राशि स्वीकृत कयल गेल अछि। ओ कहलनि जे प्रत्येक पात्र रेलवे कर्मचारीकेँ अठहत्तरि दिनक लेल अधिकतम सत्रह हजार नओ सय एकावन टाकाक भुगतान कयल जायत।

———————————————————

शारदीय नवरात्रक चारिम दिन आइ माँ दुर्गाक कुष्मांडा स्वरूपक पूजा–अर्चना कयल जा रहल अछि। मान्यता अछि जे देवीक एहि स्वरूप केँ पूजा अर्चना सँ कष्ट आ संकटसँ मुक्ति भेटैत अछि। हमर संवाददाता कहलनि जे भोरेसँ मंदिर आ शक्तिपीठ सभमे पूजा–अर्चना लेल श्रद्धालु सभक भीड़ देखल जा रहल अछि। पूरा वातावरण माँ दुर्गाक मंत्रोच्चारसँ गुंजायमान अछि।

———————————————————

बगहाक एकटा अदालत पत्नीकेँ आत्महत्या लेल उकसयबाक आ दहेज प्रताड़ना मामिलामे दोषी रंजीत कुमारकेँ दस वर्ष कठोर कारावास आ एक लाख टाकाक जुर्मानाक सजा सुनाओल अछि। संगहि मृतक महिलाक सासु आ ससुरकेँ सेहो तीन–तीन सालक कारावास आ दस–दस हजार टाकाक अर्थदंडक सजा सुनाओल गेल अछि।

मुंगेर जिलाक जमालपुर रेलवे स्टेशन पर सीआईबीक टीम द्वारा दू नाबालिग बहिनकेँ सुरक्षित बरामद कयल गेल।

———————————————————

समाप्त